

## BAB I BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Masalah

Manusa ngalaksanakeun komunikasi jeung ngalakukeun interaksi ku loba cara. Salah sahijina nya éta ngagunakeun ékspresi vérbal nu disebut basa. Basa sorangan mangrupa pakakas nu ngabédakeun antara manusa jeung kalompok sato. Ngaliwatan basa, manusa bisa silih tukeur informasi atawa ngébréhkeun bituna rasa nepi ka mampuh ngahasilkeun tradisi jeung budaya nu luhung. Ku sabab kitu, jéntré yén basa mangrupa alat komunikasi nu signifikan nu ngabogaan kakuatan ékspresif jeung informatif nu kacida legana.

Pentingna basa daérah atawa basa Indung tos jadi perhatian masarakat dunya. Faktor utamana mah dirojong ku kanyataan yén lobana basa Indung (*Mother Tongue*) atawa basa daerah (*native language*) nu ngalaman parobahan jeung ayana nu kaancam bakal lastari/tumpur.

Kayaan kawas kitu kaalaman ogé di Indonesia saperti nu ditepikeun dina *Kompas* (14 Pébruari 2007) yén 726 ti 746 basa Indung nu aya di Indonesia kaancam tumpur jeung ngan ukur tilu belas basa Indung. Nu ngabogaan panyatur leuwih ti sajuta, nya éta basa Jawa, Batak, Sunda, Bali, Bugis, Madura, Minang, Rejang Lebong, Lampung, Makasar, Banjar, Bima jeung Sasak

Aya bukti nu nuduhkeun ayana kaprihatinan masarakat sadunya pikeun ngukuhan basa indung atawa basa daerah. Contona UNESCO geus netepkeun ping 21 Pébruari jadi poé basa Indung Internasional, Lian ti éta, pamaréntah Indonesia gé geus némbongkeun perhatianna ku cara ngaluarkeun sababaraha kawijakan di antarana mangrupa Peraturan Menteri jeung Peraturan Daérah.

Masarakat Indonesia kagolong masarakat dwibasawan (masarakat nu ngawasa dua basa jeung variasina nu digunakeun sacara babarengan), loba kapanggih dina komunikasi ngagunakeun leuwih ti hiji basa dina prosés komunikasi. Nu nyababkeun munculna masarakat dwibahasawan kayaning ieu di handap:

- a. Akulturasi budaya ngaliwatan perkawinan campur antar anggota masarakat ti komunitas nu béda budayana kaasup di jerona bédana basa (upamana: Perkawinan antara suku Sunda jeung suku Jawa);
- b. Pangaruh budaya global, (digunakeunana basa Indonesia jeung basa Asing, karojong ku kaperluan paélmaan);
- c. Migrasi, industrialisasi, parobahan ékonomi, urbanisasi, campur gaul global, niaga);
- d. Prestise jeung sajabana.

Sababaraha panalungtikan ngeunaan patalina kamampuh makéna basa jeung fungsi kognitif kungsi dilakukeun. Panalungtikan kahiji nuduhkeun yén barudak nu digedékeun dina situasi dwibahasa ngalaman bangbaluh dina kamekaran intelektualna (Weisberger jeung Smith dina Mar'at 1983:122). Hal ieu ku sabab teu

aya kasinambungan antara prosés mikir barudak jeung ngomong dina basa nu séjén. Balukarna siswa ngalaman kalemahan méntal, jeung hasil tés intelegensina handap (utamana mah tés kamampuh makéna basa).

Sedengkeun hasil panalungtikan Lambert mah patukang tonggong ti panalungtikan Weisberger jeung Smith, hasilna nya éta barudak dwibasawan ngabogaan IQ nu leuwih luhur ti batan barudak ekabasawan.

Satuluyna, panalungtikan nu kungsi dilakukeun di Canada ka kolompok masarakat menengah (Peal & Lambert dina Mar'at, 1983:11) nuduhkeun hasil yén barudak dwibasawan kalawan signifikan nembongkeun kamampuhna diantarana dina tés mental ku cara ngawangun konsep, ngawangun jeung ngalengkepan gambar. Maranéhna ngabogaan kamampuh dina *symbolic reorganization* nu hadé, lantaran maranéhna ngabogaan dua simbol pikeun unggal objék. Barudak dwibasawan meunang *flexibility set* nu kapaké ngaréngsékeun rupa-rupa pancén-pancén mikir nu béda, nalika maranéhna diperedih ngabogaan originalitas jeung daya temu (*inventiveness*).

Panalungtikan séjén nu dilakukeun ku Vildomec dina Rusyana (1988:25) nétélakeun ayana pangaruh négatif ngawasa basa kana kamampuh budak. Ieu panalungtikan dilakukeun ka barudak dwibasawan hasilna negatif, utamana kana bidang linguistik, kognisi, jeung kamekaran atikanana.

Jesperson dina Rusyana (1988:25) nétélakeun yén naliti dua basa nyengker barudak dwibasawan pikeun diajar hal séjén nu kudu dikawasana, nurutkeun Kelley

dina Rusyana (1988:26), barudak dwibasawan éta di sakola nunjukkeun sikep kurang minat jeung kurang inisiatif kana palajaranna. Hal ieu dirojong ku pamadegan Saer dina Rusyana (1988:26) yén skor IQ (*intelektual Quotient*) barudak dwibasawan leuwih handap ti barudak ékabasawan.

Dumasar hipotesis ambang atau *threshold hypothesis* numutkeun Cumins (1976) dina Tarigan (1988:5) kadwibasaan téh bisa dibedakeun:

A. Dina kadwibasaan subtraktif katingali yén:

- a. B1 minoritas digantikeun ku B2 mayoritas;
- b. Préstasi budak kawilang handap;
- c. Kamekaran kognitif ngalaman defésiénsi;
- d. Jelas ayana pangurangan atawa (“substraksi”).

B. Dina kadwibasaan aditif katingali yén:

- a. B1 mayoritas ari B2 minoritas;
- b. Préstasi budak leuwih luhur;
- c. Kamekaran kognitif terus-terusan ngalaman prosés éfésiénsi;
- d. Jéntré ayana panambahan atawa (“adisi”).

Dumasar kana pedaran nu geus ditétélakeun diluhur, kedwibasaan dina pangajaran di sakola téh mangaruhan kana kamekaran intéléktual siswa. Siswa leuwih mekar dina prosés mikir, ngawangun konsep, ngawangun jeung ngaléngkepan gambar.

Ku ayana hal éta panulis kairut pikeun nalungtik pangaruh dipakéna basa Indung (basa Sunda) jeung basa Indonesia salaku basa panganteur pangajaran dikelas handap (kelas 1,2,3) patalina jeung ngaronjatkeun kamampuh intelektual siswa. Pangajaran di sakola di Jawa Barat umumna ngagunakeun basa Indung jeung basa Indonesia sacara babarengan pikeun basa panganteurna. Tuluy pikeun maluruh naha éta dua basa nu digunakeun kalawan babarengan téh aya pangaruhna kana kamekaran inteléktual siswa perlu ditalungtik.

## **1.2 Rumusan jeung Watesan Masalah**

### **1.2.1 Rumusan Masalah**

Aya sababaraha masalah anu perlu ditalungtik, Éta masalah téh dirumuskeun dina wangun pananya di handap.

- a. Kumaha pangaruh (positif atawa negatif) ngawasa dwibasa tés positif atawa negatif kana kamampuh intelektual makéna basa siswa kelas handap SDN Melong Mandiri 4?
- b. Mana nu leuwih éféktif basa Indung (Sunda) atawa basa Indonesia jadi basa panganteur pangajaran di kelas handap SDN Melong Mandiri 4.

### 1.2.2 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah nu diébréhkeun di luhur, baris dicoba ditalungtik “Pangaruh Ngawasa Dwibaasa kana Kamampuh Intelektual Makéna Basa di Siswa Kelas Handap SDN Melong Mandiri 4”.

Masalah nu ditalungtik diwatesanan kana dua perkara nya éta:

- a. Objek panalungtikan: Siswa kelas handap (kelas 3) SDN Melong Mandiri 4;
- b. Cara ngukurna, dilakukeun ka siswa kelas handap SDN Melong Mandiri 4 ukur ditingali ti hasil tés (ragam tulis: kabeungharan kecap) nu mangrupa soal dina wangun Pilihan Ganda (PG) jeung éssay.

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan ieu, nya éta pikeun ngadeskripsikeun ngeunaan:

- a. Ngawasa dwibasa kana kamampuh inteléktual siswa kelas handap SDN Melong Mandiri 4;
- b. Babandingan tingkat éféktifitas basa Indung jeung basa Indonesia jadi basa pangateur di kelas handap SDN Melong Mandiri 4.

### 1.4 Mangfaat Panalungtikan

- a. Ngalengkepan kaweruh saméméhna nu patali jeung ulikan basa jeung kamampuh basa dwibasawan (basa Sunda jeung basa Indonesia);

- b. Nangtukeun kawijakan kurikulum pangajaran ku pihak-pihak nu aya patalina pikeun ngamumulè budaya jeung basa daerah sangkan teu lastari;
- c. Numuwuhkeun rasa asih jeung rèeus kana basa Indung, kana Siswa kelas rendah;
- d. Pikeun Guru di Sakola Dasar, utamana nu ngajar di kelas handap, ngarah bisa makè basa Indung, pikeun ngamalirkeun pemerolehan basa Indung nu hadé, lian ti kuluwarga. Ari tujuanana, pikeun ngamumulè basa daèrah sangkan teu tumpur.

### 1.5 Hipotésis

Hipotésis ieu panalungtikan bisa dititénan kayaning ieu di handap:

- a. Kamampuh ngagunakeun dwibasa kalawan signifikan méré pangaruh positip kana ngaronjatna hasil diajar;
- b. Basa Indung éféktif pikeun basa pangateur pangajaran di kelas handap SDN Melong Mandiri 4.